

Sante Repwodiktif ak Vaksen kont COVID-19 yo: Kesyon Moun Poze Souvan yo

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak lòt ekspè medikal yo rekòmande anpil pou moun ki ansent yo, ki ap bay tete yo oswa ki vle vini ansent yo pran vaksen kont COVID-19.



Kijan vaksen kont COVID-19 yo mache?

Vaksen yo montre kò ou fason pou li fè yon pwoteyin ki sanble ak youn ki fè pati viris la ki lakòz COVID-19. Sa lakòz sistèm iminitè ou fè antikò ak lòt pwoteksyon kont viris la dekwa si ou te ekspoze ak COVID-19 apre ou te pran vaksen an, kò ou pral kapab rekonèt ak konbat viris la. Vaksen yo pa genyen viris la ki lakòz COVID-19, kidonk yo pa kapab ba ou COVID-19. Yo pa kapab chanje ADN ou non plis.



Ki risk ki genyen pou moun ansent yo gen COVID-19?

Moun ki ansent yo oswa ki te ansent resaman yo gen plis chans pou yo vini malad anpil anba COVID-19 pase moun ki pa ansent oswa ki pa te ansent resaman yo. Sa gendwa gen ladan entènè lopital, swen entansif, bezwen pou vantilasyon oswa lanmò. Moun ki ansent epi ki gen COVID-19 anba risk tou pou akouchman avan lè (fè tibebe a avan 37 semèn) ak posiblerman lòt rezilta gwosès ki negatif yo.



Èske moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo ta dwe pran vaksen?

CDC, Inivèsite Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG) ak Sosyete pou Medsin Manman-Tibebe nan Vant (Society for Maternal-Fetal Medicine, SMFM), rekòmande anpil pou tout moun ki ansent oswa ki ap bay tete (ke yo rele tou pafwa alètman) pran vaksen kont COVID-19. Rekòmandasyon sa a baze sou prèv ke nou genyen kounye a sou sekirite vaksen an pou moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo ak risk pou yo genyen COVID-19, gen ladan varyant delta ki plis kontajye a. Done preliminè yo ki soti nan sistèm ki ap siveye sekirite moun ki ansent yo epi ki te pran vaksen Pfizer oswa vaksen Moderna a pa te jwenn okenn enkyetid sou sekirite pou yo oswa pou tibebe yo a.

Yo kapab bay moun ansent oswa ki ap bay tete yo tout twa vaksen COVID-19 yo. Sepandan, moun, espesyalman fanm ki gen mwens pase 50 ane yo, ta dwe okouran sou risk anplis men ki ra pou sendwòm twonboz avèk twonbositopeni (thrombosis with thrombocytopenia syndrome, TTS), yon tip kayo sangen ki gen kantite plakèt sangen ki ba, apre yo fin pran vaksen Johnson & Johnson lan. Yo pa te obsève risk sa a avèk vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a.

Moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo kapab pran vaksen nan nenpòt anvivònman, tankou sit vaksinasyon Vil la ap jere yo, yon famasi oswa klinik pwofesyonèl swen sante yo a. Pa gen okenn rekòmandasyon pou moun pran yon tèz gwosès avan yo pran yon vaksen kont COVID-19.



Èske moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo bezwen pèmision nan men pwofesyonèl swen sante yo a pou yo pran vaksen?

Non, men li gendwa itil pou moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo pale avèk pwofesyonèl swen sante yo a avan yo pran vaksen si yo genyen kesyon.

Èske pran vaksen an pwoteje tibebe mwen an kont COVID-19?

Wi. Pran vaksen an redwi risk ou pou ou pran vaksen kont COVID-19 la ak risk pou ou pwopaje li bay lòt moun yo, gen ladan tibebe ou a.

Etid resan sou moun ki ansent yo epi ki te pran vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a te jwenn antikò nan san kòd lonbrit tibebe yo ak lèt moun ki ansent yo. Etid alavni yo kapab ede nou aprann fason antikò sa yo ta kapab pwoteje tibebe yo, menm jan lòt vaksen yo fè sa. Pa egzanp, moun ki ansent epi ki pran vaksen kont koklich (Tdap) ak vaksen kont grip la pase antikò yo bay tibebe yo a ki pwoteje yo pandan premye mwa lavi yo.



Èske vaksen an ap afekte fètilite mwen?

Deklarasyon yo ki etabli rapò ant vaksen kont COVID-19 yo ak pwoblèm fètilite yo pa gen okenn fondman ki sipòte yo. CDC a di ke li san danje pou moun ki vle vini ansent yo pran vaksen kont COVID-19 epi li rekòmande yo pran vaksen.



Èske vaksen an afekte sik manstriyèl mwen?

Anpil faktè, tankou estrès ak chanjman nan somèy, rejim alimantè, anviwònman ak mòd lavi, sa ki komen pandan pandemi COVID-19 la, kapab lakòz chanjman nan sik manstriyèl. Yo pral fè plis rechèch pou wè si genyen yon lyen ant vaksasyon kont COVID-19 ak chanjman manstriyèl tanporè. Sepandan, ekspè yo dakò ke ou pa bezwen planifye pou pran vaksen an deyò sik manstriyèl ou epi yo kapab bay vaksen an antout sekirite pandan ou gen manstriyasyon ou.

Èske vaksen an afekte pibète oswa òmòn moun?

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen yo genyen efè alontèm sou pibète oswa òmòn.

Èske mwen kapab pran yon vaksen kont COVID-19 si mwen ap pran lòt vaksen?

Wi. Ou kapab pran vaksen kont COVID-19 avan, apre oswa an menm tan ou pran lòt vaksen yo, gen ladan vaksen yo nòmalman bay pandan gwosès (tankou Tdap ak grip).



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Vizite [cdc.gov](https://www.cdc.gov) epi chèche “**COVID-19 vaccines while pregnant or breastfeeding**” (vaksen kont COVID-19 pandan ou ansent oswa ap bay tete). Pou plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo, vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://www.nyc.gov/covidvaccine).

Si ou vle pale ak yon moun sou vaksasyon kont COVID-19 pandan gwosès, ekspè MotherToBaby yo kapab reponn kesyon yo an anglè oswa an espanyòl: Rele 866-626-6847, voye mesaj tèks 855-999-8525 oswa diskite sou entènèt nan [mothersandbabies.org](https://www.mothersandbabies.org). Genyen yon sèvis gratis ak konfidansyèl ki disponib soti lendi rive vandredi, 8 a.m. to 5 p.m.